## 9 КЛАСС

## ТЕСТ № 1

**1. Жубараб предложениям сунда абулеб?**

а) Жубараб маг1на кьолеб предложениялда.
б) Г1аммаб пикру загьир гьабулеб предложениялда.
в) Маг1наялъул ва интонациялъул рахъалъ г1адатал предложениял цолъизарун лъугьараб предложениялда.
г) Чанго предложение жинда гъорлъ бугелда.

**2. Жубараб сок1к1араб предложение бихьизабе.**

а) Салимица, цо ишан гьабун, киналго жиндаго аск1оре рак1арана.
б) Салимица цо ишан гьабуна, ва киналго гьесда аск1оре рак1арана.
в) Парихан т1урк1ун йорч1ана ва рахъ-рахъалде ялагьана.
г) Т1урк1ун йорч1арайго, Парихан рахъ-рахъалде ялагьана.

**3. Падатаб предложениялдаса жубаралъул кинаб бат1алъи бук1унеб?**

а) Жубараб предложениялъ к1иго бат1ияб пикру загьир гьабула.
б) Жубараблъун рик1к1уна, гьелда жанир ругел г1адатал предложениязул щибалъул к1игог1аги бет1ераб член бугони.
в) Жубараб предложениялъул к1игоги ц1ик1к1унги сказуемоял рук1уна, г1адаталъул рук1унаро.
г) Жубараб пикру загьир гьабулеб жубараб ккола, г1адатаб пикру кьолеб - г1адатаб бук1уна.

**4. Жубараб сок1к1араб предложениялда цебе жубаялъул г1аламат** (+) **лъе.**

а) Муг1рузде г1азу байгун, г1урухъе ц1орой щола.
б) Палица беричаб чу босана, амма гьес гьелда кьили лъеч1о.
в) Гьаргьадулеб кьоде щвейгун, рек1арав чодаса рещт1ана.
г) Къокъид нухалъги вач1ун, кьодасанги вахун, Расул росулъе ана.

**5. Я, ЯЛЪУНИ, ЯГИ союзал журарал предложениязулъ щай х1алт1изарулел?**

а) Г1адатал предложениязулъ рехсолеб иш цадахъ ккей бихьизабизе.
б) Г1адатал предложениязулъ рехсолеб иш тартибалда ккей бихьизабизе.

в) Цо г1адатаб предложениялъул иш цогиялда дандеккунгут1и бихьизе.
г) Г1адатал предложениязда рехсолел ишазул цояб гурони лъугьине рее гьеч1олъи бич1ч1изабизе.

**6. Кина-кинал цолъизариялъул союзал х1алт1изарулел журарал сок1к1арал предложениязулъ?**

а) Амма, кинниги.
б) Я, яги,.ялъуни.
в) Ва, -ги, цинги, жеги.
г) Лъаларо.

**7. Иш цого заманалда лъугьунеб бук1ин бич1ч1изабулеб союз гьеч1еб жубараб предложение бате.**

а) Пазу бана, лъимал хъещт1езе ана.
б) Зодисан ц1ум паркъана — г1анк1уял рихххун ана.
в) Эмен хьон хьалев вуго, вас векьарулев вуго.
г) Мух 1 ума Палихъе — Пали гванзухъе.

**8. Союз гьеч1еб жубараб предложениялда бицен гьабулеб иш тартибалда (хадуб-цебе) лъугьин бич1ч1изабулеб предложение бихьизабе.**

а) Гьоболас нуц1ида к1ут1ана, к1одо къват1ие яккана.
б) Хъвадарулей Асма йиго, ц1алдолев Муса вуго.
в) Ч1алг1ун кьили буго, кьаллъун чу буго,
Чорхол рухl ун буго ах1уд мунилан. (М.)
г) Вегун кьижун вакьад — кьвагьун холев дурц.

**9. Союз гьеч1еб жубараб предложениялда бицен гьабулел ишазул хехаб хиса-баси ккей бич1ч1изабулеб предложение бате.**

а) Г1али къед балев вуго, Къади х1арщ кьолев вуго.
б) Гъот1ода пири реч1ч1ана — гьвет1 ч1урх1ун лъуна.
в) Х1асаница кеч1 ах1ана, киналго руц1ц1ун ч1ана.
г) Ц1ад къат1ана, зоб роц1ана, нахъеги бакъ щвана.

**10. Союз гьеч1еб жубараб предложениялъул г1адатаз г1акса маг1на (дандеккунгут1и) бич1ч1изабулеб бат1а гьабе.**

а) Рии кьарияб бук1ана — кьин х1алакъаб бач1ана.
б) Ясалъ горду рагьана, рукъ канлъул ц1уна.
в) Эбел х1алт1уде ана, Х1алимат черезе жуяна.
г) Радал бакъ щвана, къаде нак1к1 лъуна.

## ТЕСТ № 2

**1. Союз гьеч1еб жубараб предложениялъулъ запятая кида лъолеб?**

а) Интонациялъул бак1алда дандеккунгут1иялъул союзал (амма, кинниги) лъезе бегьулел ругони.
б) Г1адатал предложенияз хехаб хиса-баси бич1ч1изабулеб бугони.
в) Гьоркьоса рахъиялъул союзал лъезе бугьулел ругони.
г) Цолъиялъул союзал (ва, -ги,) лъезе бугьулел ругони.

**2. Союз гьеч1еб жубараб предложениялъулъ к1ит1анк1 кида лъолеб?**

а) Г1адатал предложениязда гьоркьор цолъиялъул союзал лъезе бегьулел ругони.
б) Г1адатал предложенияз цоцазе г1аксаб маг1на кьолеб бугони.
в) Г1адатал предложениязул цоялъ гьоркьоса бахъиялъул маг1на загьир гьабулеб бугони.
г) Г1адатал предложениязул цоялъ цебеселъул ишалъе г1илла, яги цебеселда бицунеб жо жеги г1ат1идго баян гьабулеб бугони.

**3. Гьаб предложениялда жаниб лъалхъул ишара бит1ун лъураб т1асабище.**

а) Сидратида щибго бихьулеб бук1инч1о, ц1акъ бец1аб сордо бук1ана.
б) Сидратида щибго бихьулеб бук1инч1о—ц1акъ бец1аб сордо бук1ана.
в) Сидратида щибго бихьулеб бук1инч1о: ц1акъ бец1аб сордо бук1ана.
г) Сидратида щибго бихьулеб бук1инч1о; ц1акъ бец1аб сордо бук1ана.

**4. Союз гьеч1еб, жубараб предложениялъулъ лъалхъул ишара бит1ун лъураб бате.**

а) Дуца бикъила, мун вакъила.
б) Дуца бикъила: мун вакъила.
в) Дуца бикъила — мун вакъила.
г) Дуца бикъила; мун вакъила.

**5. Жинда жаниб лъалхъул ишара бит1ун лъураб жубараб предложение бат1а гьабе.**

а) Роц1араб къо бач1ина, ина нилъ Ах1улгох1т1е.
б) Роц1араб къо бач1ина: ина нилъ Ах1улгох1т1е.
в) Роц1араб къо бач1ина — ина нилъ Ах1улгох1т1е.
г) Роц1араб къо бач1ина; ина нилъ Ах1улгох1т1е.

**6. Бит1ун лъалхъул ишара лъураб жубараб предложение бихьизабе.**

а) Тунк1ил кьвагьи бахъана: г1анк1 гурун ккана.
б) Тунк1ил кьвагьи бахъана, г1анк1 гурун ккана.
в) Тунк1ил кьвагьи бахъана г1анк1 гурун ккана.
г) Тунк1ил кьвагьи бахъана — г1анк1 гурун ккана.

**7. Лъалхъул ишара бит1ун лъураб жубараб предложение т1аса бище.**

а) Ракьулъе г1ураб хинлъиги ккун буго, рекьаризе бегьула нилъ.
б) Ракьулъе г1ураб хинлъиги ккун буго — рекьаризе бегьула нилъ.
в) Ракьулъе г1ураб хинлъиги ккун буго: рекьаризе бегьула нилъ.
г) Ракьулъе г1ураб хинлъиги ккун буго; рекьаризе бегьула нилъ.

**8. Г1илла-мурад бич1ч1изабулел нахърилълъиналъул раг1аби рате.**

а) Гьединлъидал, гьелъие г1оло, гьелдалъун.
б) Гьебмехалъ, гьебзаманалда.
в) Г1адин, кинигин.
г) Щай абуни, щай гурелъул, щай гурого.

**9. Заманияб маг1на кьолел нахърилълъиналъул раг1аби рихьизаре.**

а) Гьебмехалъ, гьебзаманалда.
б) Гьединлъидал, гьелъие г1оло, гьелдалъун.
в) Щай абуни, щай гурелъул, щай гурого.
г) Г1адин, кинигин.

**10. Х1асил** бич1ч1изабулел **нахърилълъиналъул раг1аби т1асарище.**

а) Щай абуни, щай гурелъул, щай гурого.
б) Г1адин, кинигин.
в) Гьединлъидал, гьелъие г1оло, гьелдалъун.
г) Гьебмехалъ, гьебзаманалда.

## ТЕСТ № 3

7.

**Гулишатица, нуц1аги къан, рукъ сверана.**

**1. Щиблъун т1аджубараб предложение бугеб гьаб жубараб предложениялъулъ?**
**Г1ет1ул къали бец1ц1ич1ес бакъул кеп босуларо.**
а) Определениелъун.
б) Дополнениелъун.
в) Х1аллъун.
г) Подлежащеелъун.

**2. Щиблъун т1аджубараб предложение гьаниб бугеб?**
**Гьанже бич1ч1ана досда гьаб масъала зах1матаб бук1ин.**
а) Подлежащеелъун.
б) Бит1араб дополнениелъун.
в) Определениелъун.
г) Ишалъул куцлъун.

**3. Щиблъун т1аджубараб предложение бугебали бице.**
**Жакъа мун гьанив ватиялдаса ниж ц1акъ рохана.**
а) Дополнениелъун.
б) Подлежащеелъун.
в) Определениелъун.
г) Бак1лъун.

**4. Кинаб т1аджубараб предложение гьаниб бугеб?**
**Ниж киналго божарал руго дур лъик1ав г1алимчи вахъиналда.**
а) Определениелъун..
б) Бак1лъун.
в) Шарт1лъун.
г) Дополнениелъун.

**5. Щиблъун т1аджубараб предложение гьаниб бугеб?**
**Кьолбол к1удияс кьуч1 лъураб мина инсуца рехун теч1о.**
а) Определениелъун.
б) Бак1лъун.
в) Уступительнияб.
г) Шарт1лъун.

**6. Кинаб т1аджубараб предложение гьаниб бугеб?**
**Т1адбан т1егьан буго г1олохъанаб ах, анкьго соналъ цебе нижер ц1алдохъабаз гьабураб.**
а) Бак1лъун.
б) Заманлъун.
в) Определениелъун.
г) Дополнениелъун.

**7. Щиблъун т1аджубараб предложенияли бице.**

**Гулишатица, нуц1аги къан, рукъ сверана**
а) Подлежащелъун.
б) Определениелъун.
в) Ишалъул куцлъун.
г) Шарт1лъун.

**8. Кинаб т1аджубараб предложение гьаниб бугеб?**
**Т1егьарал гьут1бузул лазат босулаго, ахикь сверулев вуго Г1усман.**

а) Ишалъул куцлъун.
б) Заманлъун.
в) Шарт1лъун.
г) Дополнениелъун.

**9. Щиблъун т1аджубараб предложение гьаниб бугебали бице.**
**Сих1ираб цер аралъубе, хьант1араб бац1ги ана.**
а) Ишалъул куцлъун.
б) Шарт1лъун.
в) Бак1лъун.
г) Дополнениелъун.

**10. Кинаб т1аджубараб предложение гьаниб бугеб?**

**Гьоркьиса дуца рии т1амураб маг1арде исана дунги ине вуго.**

а) Г1илла-мурадлъун.
б) Бак1лъун.
в) Заманлъун.
г) Определениелъун.

## ТЕСТ № 4

**1. Т1аджубараб предложение баян гьабе.**
**Айгьир х1их1идарабго, макьидаса ворч1ана Мирза.**
а) Подлежащеелъун.
б) Заманлъун.
в) Ишалъул куцлъун.
г) Шарт1лъун.

**2. Кинаб т1аджубараб предложение бугебали бице.**
**Муил азбаралда бакъ к1ут1илалде,**
**Мун рещт1унел щобал щола рак1алде. (Ц1.Х1.)**
а) Подлежащеелъун.
б) Бак1глъун.
в) Уступительнияб.
г) Заманлъун.

**3. Щиблъун т1аджубараб предложение гьаниб бугеб?**
**Парихан ахикь ятидал, Мирза нечана.**
а) Дополнениелъун.
б) Г1илла-мурадлъун.
в) Бак1лъун.
г) Шарт1лъун.

**4. Т1аджубараб предложение баян гьабе.**
**Ниж гьанире рач1ана, нужеда рохел бицине.**
а) Г1илла-мурадлъун.
б) Заманлъун.
в) Бак1лъун.
г) Ишалъул куцлъун.

**5. Т1аджубараб предложение баян гьабе.**
**Дун рокъов вук1аравани, чу билилароан.**
**а)** Бак1лъун.
**б)** Заманлъун.
**в)** Шарт1лъун.
**г)** Уступительнияб.

**6. Т1аджубараб предложение баян гьабе.**
**Г1ухьби г1емерлъани, г1и бац1ица гъурула.**
а) Уступительнияб.
б) Дополнениелъун.
в) Бак1лъун.
г) Шарт1лъун.

**7. Щиблъун т1аджубараб предложение гьаниб бугеб?**
**Г1урц1мадул х1исабалъ х1алт1ананиги,**
**Х1алхьеч1о Мух1амил мах1ги дидаса.**
а) Шарт1лъун т1аджубараб.
б) Уступительнияб.
в) Ишалъул куцлъун т1аджубараб.
г) Заманлъун т1аджубараб.

**8. Гьаниб щиблъун т1аджубараб предложение бугеб?**
**Маххул рахсалги ран, вехъерхъаниги,**
**Регуларо дица гендерил парсал. (ЦГ.ХГ.)**
а) Уступительнияб.
б) Шарт1лъун.
в) Бак1лъун.
г) Заманлъун.

9. **Кинал т1аджурарал предложениял бет1ераздаса запятаялдалъун т1езаруларел?**
а) Определениелъун, дополнениелъун, подлежащеелъун.
б) Бак1лъун, шарт1лъун, куцлъун.
в) Заманлъун, уступительнояблъун.
г) Ишалъул куцлъун, г1илла-мурадлъун.

**10. Жубараб сок1к1араб предложение бате.**
а) Эбелалъ квен столалда лъолаго, эмен т1аде г1унт1ана.
б) Критик вук1ана ворхатав, дун вук1ана къокъав.
в) Гьоболасда раг1и абич1ого, Аххубек нахъе ана.
г) Бакъ баккигун, х1анч1аз бакънал рачана.